Қарақалпақстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлиги тәрепинен 2026-жылы 9-айлық жуўмағыменен әмелге асырылатуғын жумыслар ҳаққында МАҒЛЫЎМАТ

1. АЎЫЛ, ТОҒАЙ ҲӘМ БАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ.

Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығында 2026 жылдың ушинши шерегинде (18,5 трлн сум) өним ислеп шығарылды, өсим пәти 103,6 процентти қурады.

Сондай-ақ, жәми 410,3 мың тонна дән (өсиў 115,1 %), 312,6 мың тонна овощь (102,7%), 71,9 мың тонна картошка (114,2%), 153,1 мың тонна палыз (108,0%), 108,8 мың тонна мийўе ҳәм резаворлар (103,5%), 7,0 мың тонна жүзим (101,6%), 71,4 мың тонна гөш (101,6%), 235,2 мың тонна сут (102,2%), 285,8 млн. дана мәйек (103,5%) ислеп шығарылады. (2026-жыл 3-шереги менен 18,5 трлн. сўмлық ислеп шығарылып, 2026-жыл 3-шерегине салыстырғанда өсиў 103,6 % қурады).

2. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ ЕГИНЛЕРИН ЖАЙЛАСТЫРЫЎ.

Быйылғы жылдың өними ушын 314,2 мың гектар тийкарғы егислик майданларына аўыл хожалығы егинлери жайластырылды.

Сондай-ақ, тәкирарый егислик майданларға 30,1 мың гектар егислик майданларға аўыл хожалығы егинлери жайластырылды.

3. ПАХТАШЫЛЫҚ.

2026-жыл өними ушын егилген 80 мың гектар, соннан 38 мың 355 гектар сырт ел сортлары, 36 мың 322 гектар ерте писер сортлары, 4 мың 235 гектар майданларға перспективалы сортлар, 1 мың 88 гектар жаңа сортлар ғаўаша майданларында бүгинги күнге шекем жәми 392 мың 171 тонна пахта шийки заты терип алынды.

Тараў илимпазларының усынысы тийкарында 5 сырт ел ҳәм 4 перспективалы және 2 жаңа ғаўаша сортлары егилди.

Аймақлардың топырақ-климат шараятына бейимлескен, суўсызлыққа ҳәм шорға шыдамлы, ерте писетуғын, зүрәәтли ҳәм талшық сапасы жоқары болған 4 ғаўаша сортларының майданы 36,3 мың гектарға, 4 сырт ел сортлары 36 мың 322 гектарга, 4 перспективалы ҳәм 2 жаңа ғаўаша сортлары 5 323 гектарға жайластырылды.

4. ҒӘЛЛЕШИЛИК.

2026-жыл ҳасылы ушын 62 мың гектар майданда ғәлле тәрбияланып, соннан *(асасий майдан 53 мың гектар, шаруашылық хожалыклары жерлерине 9 мың гектар)*мәўсим соңында 583 мың 673 тонна ғәлле орып алынды.

Мәўсим даўамында 62 мың гектар майданда 2 мың 43 фермер хожалығында орым-жыйын жумыслары толық жуўмақланып, орташа 94,1 центнер зүрәәт алынган. Сондай-ақ, 905 фермер хожалығы тәрепинен ең жоқары 100-110 центнер өним алынды.

Сондай-ақ, 2026-жыл өними ушын 2043 фермер хожалығы тәрепинен 62 мың гектар майданға ғәлле егиў жумыслары әмелге асырылды.Бүгинги күнде ғәлле егилген майданлар толық топланған.

5. ИНВЕСТИЦИЯЛИҚ ЖОЙБАРЛАР.

Инвестициялық бағдарлама шеңберинде баҳасы 73,1 млрд *(48,5 млрд.сум өз қаржысы, 24,5 млрд.сум банк кредити, 152 минг.доллар сырт ел кредити)* сўмлық 32 жойбар иске қосылып, нәтийжеде 99 жумыс жаңа жумыс орынлары жаратылды.

6. ЖЕРЛЕРДИ ҚАЙТА ПАЙДАЛАНЫЎҒА КИРГИЗИЎ.

2026-жылы 8,9 мың гектар майданларды қайта пайдаланыўға киргизиў бойынша 85,4 млрд сум қаржылар талап етиледи.

Сондай-ақ, 65 км суўғарыў тармақларын оңлаў, 1 км коллектор тармақларын жаңадан қурыў ҳәм 22 км оңлаў белгиленген.

Қайта пайдаланыўға киргизилген майданларға аўыл хожалығы егинлерин егиў ҳәм нәтийжеде 6 135 жаңа жумыс орынларының жаратылыўы бойынша есап-санақлар ислеп шығылды.

Усы жылдың январь-октябрь айларында 8 мың 400 гектар жер майданлары қайта пайдаланыўға киргизилип, 49,1 млрд сум интакердиң өз қаржылары есабынан жумсалған.

Сондай-ақ, 53 км суўғарыў тармақларын оңлаў, 12 км коллектор тармақларын жаңадан қурыў ҳәм 6 мың 392 гектар майданда агротехникалық илажлар әмелге асырылып, 2 мың 802 жаңа жумыс орынлары жаратылды.

Соннан, 561 гектар пахта, 948 гектар бийдай, 22 гектар овош, 165 гектар палыз, 301 гектар майлы, 939 гектар собықлы, 2,3 мың гектар от-жем, 76 гектар мәкке, 26 гектар салы, 33 гектар дәрилик, 674 гектар басқа да егинлер егилди.

7. ХАЛЫҚ БӘНТЛИГИ.

Тараўда халықтың бәнтлигин тәмийинлеў шеңберинде 28 мың жумыс орынлары жаратылады ҳәм ***янгиш.мехнат.уз*** платформасына киргизилип, салық есабатларында көрсетилиўин тәмийинлеў илажлары көриледи.

Бүгинги күнде январь-октябрь айларында 43 мын 608 жумыс орны жаратылған болып, ***янгиш.мехнат.уз*** платформасына киргизиўге ҳәм салық есабатларында сәўлелендириўге ерисилди.

8. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ ТЕХНИКАЛАРИ.

Усы жылы баҳасы 321 миллиард сумлық 661 аўыл хожалығы техникасы сатып алынады ҳәм бүгинги күнде баҳасы 409 миллиард сумлық 1529 аўыл хожалығы техникасы сатып алынған.